

Aktik yo

Ayiti pa m	1
Kouman mwen dekouvri	
Kepkaa ak kou kreyòl la	1
Jounen solidarite	
pou Ayiti	2
Orijin non Pòtoprens la	3
Operasyon Hestia	3
Se Bondye ki fòs pèp	
ayisyen	4
Relasyon	4
Yon bèle eksperyans	5
Ofisye polis kanadyen ann	
Ayiti	6

Make dat la

Mwa
kreyòl
nan Monreyal

1 oktòb-31 oktòb

Libreri KEPKAA
sou Entènèt!



www.kepcaa.com

Ayiti pa m

Hélène Gagnon

Desanm 2009: mwen ak mennaj mwen, Andre, nou te ale ann Ayiti pou nou vizite zamni nou k ap travay Pòtoprens e ki rete Petyonvil. Lè nou te rive ayewopò epi nou te soti lavil la, se te yon chòk pou nou : chalè a, anpil bri tankou machin k ap klaksonnen, anpil moun nan lari a, moun sou bò wout yo k ap vann machandiz, moun k ap achte, moun k ap mache nan lari a epi



anpil odè tou; sant gazolin, sant manje, sant fatra eksetera.

Ayiti se peyi kontras; nan lavil se chalè, andeyò nan mòn yo, bò Fisi, Kenskòf, se fredi. Kay zanmi nou se gwo kay ak gason lakou epi

chofè men nan lavil se mizè. Machann yo bezwen vann kèk bagay pou jounen an pou yo kapab manje nan aswè. Lè nou mache nan lari a, se sèl nou ki blan epi tout lòt moun yo nwa. Se premye fwa mwen reyalize vrèman koulè po mwen, se premye fwa mwen santi mwen se yon "blanch" anvan mwen santi mwen se yon moun. Moun blan yo ki rete ann Ayiti pa mache nan lari. Yo pa pran tap-

Kontinye nan paj 2

Kouman mwen dekouvri KEPKAA ak kou kreyòl la

Susie Gruber

Sa gen 20 an, mwen te konnen plizyè zanmi ayisyen ki te pale kreyòl. Nou te danse ansanm, men m pa panse aprann kreyòl lè sa a...m te toujou konn koute san konprann. Sa gen 3 an, mwen te rankontre yon vwazin, madan Clément ki 82 an. Li janti anpil epi li se yon moun ki on ti jan sounwa tou. Sa pa fasil pou moun konnen li



Madan Clément

byen...sa mande tan pou moun konnen li. Pezape youn t ap vin konnen lòt plis, nou

pale ansanm, men li renmen pale franse. M toujou koute lè li ap pale kreyòl ak timoun li yo.

Yon jou, yon bon zanmi m te voye yon kouryèl ban mwen sou KEPKAA ki bay enfòmasyon sou kou kreyòl.

Menm kote a mwen gen lide pou mwen pran kou kreyòl KEPKAA ofri a.

Kontinye nan paj 6

Kòdonatè KEPKAA
Pierre-Roland Bain

Direktè piblikasyon
Allyn Denis

Kolaboratè
Nathalie Simoneau
Hélène Gagnon
Susie Gruber
Pierre Maltais
Danielle Valmera
Geneviève Messier
Sylvain Prevost
Nirvah Mathurin
Tamarah Mathurin
Christine Morency

Mizanpaj
Allyn Denis

Sekretè Redaksyon
Roberte Polo

“Mwen wè lavi a yon lòt fason kounye a paske mwen konprann menm si moun ann Ayiti pòv, yo renmen lavi.”

Jounen solidarite pou Ayiti

Apre tranblemann tè ki te rive ann Ayiti a nan mwa janvye ki sot pase a, depatman Sosyoloji nan Inivèsite Monreal te deside òganize yon jounen solidarite pou Ayiti. Se avèk èd asosiyasyon etidyan an, mwen te rive reyalize jounen solidarite sa a. Nou te sèvi manje

ayisyen pou nou ka ranmase lajan pou òganis CECI. Restoration Boukan ban nou manje ayisyen nan pri ki pa twò chè pou nou ka fè pwofí epi mwen te fè diri ak pwa ak zanmi mwen. Apre sa, nou te òganize yon konferans nan kad seminè ki rele

Sociologie de la pauvreté a pou nou ka diskite pwoblèm ki nan rekonstriksyon Ayiti. Sware a te fini ak mizik ayisyen. Gwoup Créart te fè mizik an kreyòl. Nou te ranmase 770 dola pou jounen an.

◆ Danielle Valmera

Ayiti pa m (suite)

tap, yo pa achte manje sou bò wout epi yo di nou pa fè sa a. Men nou panse : pou ki sa pou n ale ann Ayiti si nou pa ka fè kèk bagay Ayisyen yo konn fè ?

Donk nou mache nan lari Pòtoprens ak nan lari Jakmèl, nou achte zoranj, zannanna, nou manje diri ak legim epi griyo sou bò wout yo.

Andeyò lavil nou ale mache nan mòn ak yon gid, nou ale nan ti ba restoran epi nou

bwè byè Prestige. Nou rankontre lòt moun epi nou fè ti koze ak yo, timoun yo vin wè “blan yo” epi nou jwe ak yo.

Nou pran tap tap pou nou fè wout Jakmèl-Pòtoprens. Anpil moun ki wè nou pa konnen ki kote pou nou al pran tap tap osnon ki kote pou nou desann yo ofri pou yo ede nou ; Ayisyen se moun ki renmen ede, se moun janti.

Ayiti pa m, se dekouvrir yon peyi ansanm ak pèp li, men se dekouvrir pwòp tèt mwen tou.

Mwen wè lavi a yon lòt fason kounye a paske mwen konprann menm si moun ann Ayiti pòv, yo renmen lavi. Ayisyen renmen mizik, yo renmen danse, chante, fè fèt. Yo renmen fè ti koze, rankontre lòt moun. Mwen vle retounen ann Ayiti anvan lontan. Mwen vle ede pèp ayisyen an nan rekonstriksyon bèl peyi sa a.

◆ Hélène Gagnon



Orijin non Pòtoprens la

Nan sèzyèm syèk, se panyòl ki te okipe lil Ispanyola. Nan fen syèk sa a, pirat fransè yo te kòmanse vini sou lil Ispanyola a. Yo te bati yon lopital kote Pòtoprens ye jodi a. An 1697, apre yon lagè, Fransè yo te pran mwatye nan lil la.

Nouvo administrasyon fransè an te vle pran kontròl lopital la. Pirat yo pa te dakò, yo te deside fèmen lopital la. Lè pirat fransè yo te

pati, anglè yo te enterese nan lil la. An 1706, pou pote pi bon defans nan rejyon an, fransè yo te fè yon kapitèn vini ak bato li. Kapitèn nan te rele Mesye de Saint-André epi li te jete lank nan bè a. Bato li a te rele Le Prince

An 1742, administrasyon fransè an te gen bezwen yon kapital pou koloni a. Yo te deside mete kapital la nan rejyon ki gen lopital la. Yo te bay kapital la

non bato kapitèn Saint-André a : Port-au-Prince (Pòtoprens)



Sa vle di Kapital ayisyen an gen non yon bato yon kapitèn fransè dizuityèm syèk.

◆ *Sylvain ak Geneviève*



Apres endependans ansyen esklav yo an 1804, Desalin te deside chwazi Pòtoprens kòm kapital peyi d Ayiti. Anvan sa Pòtoprens te kapital Sendomeng, sa vle di pati nan il Ispanyola a ki te sou kont blan fransè. Anvan 1770 se vil nou rele Kap Ayisyen kounye a oubyen Okap ki te sèvi kapital koloni an.

Se apre endependans lan tou Desalin te deside bay nouvo peyi a non Ayiti a ki vle di *peyi mòn nan* lang endyen Ayiti yo.

Operasyon Hestia

Pou ede Ayiti apre tranblemann tè nan mwa janvye a, Kanada te voye ekip entèvansyon pou dezas (EICC) nan Fòs lame kanadyen (FC) a. Ekip la te enstale kò yo nan twa zòn estratejik yo: ayewopò Tousen Louvèti nan Pòtoprens, nan distrik minisipal Leogàn, ki te detwi prèske a 90% epi Jakmèl, ki te pèdi kontak ak Pòtoprens

paske tranblemann tè a te detwi wout yo. EICC te deplwaye ann Ayiti depi 13 janvye, yon jou aprè tranblemann tè a, rive 15 mas. Yo te fè divès travay. Yo te netwaye zòn ki afekte yo, yo sipòte distribisyon èd imanitè a, yo bay sekirite ak lapolis zòn kote yo ye a, yo ede nan pwodiksyon ak distribisyon dlo potab, reaktivasyon ayewopò

yo, konstriksyon lopital mobil, livrezon swen sante, mouvman èd imanitè epi evakyasyon dijans. Total, EICC te transpòte 5447 pasaje sivil epi yo te deplase 5265592 liv machandiz. Yo te swaye 22290 pasyan. Yo te distribye 2585077 kabann, dlo potab ak 1404940 repa endividiyèl.

Lame te eseye, jan sa posib, voye militè frankofòn pou facilite

kominikasyon ak Ayisyen yo. FC te reponn byen vit pou ede Ayisyen yo rekanpe apre youn nan pi move dezas natirèl nan istwa peyi sa a.



◆ *Pierre Maltais*

*"Jodi a, jèn yo pa rete
nan relasyon lontan."*

*"Pou nou menm
Ayisyen, kwè nan
Bondye se rete
vivan."*



Nou bat yon gwo bravo pou tout moun ki te swiv kou kreyòl la e ki enterese konnen kilti pèp Ayisyen an pi byen.

Se Bondye ki fòs pèp ayisyen

Kòm nou konnen pèp ayisyen gen yon gwo relasyon ak Bondye. Fòs yo ak kouraj yo se rezilta lafwa yo. Kouman nou ka esplike yon pèp ki pa gen anyen, kapab rive viv malgre tout katastwòf sa yo ? Repons lan fasil : Li rete nan kwayans Bondye. Pou nou menm Ayisyen, kwè nan Bondye se rete vivan. Pi fò Ayisyen konprann sa ki enpòtan se genyen yon relasyon solid ak Bondye. Yo wè nan li yon Bondye ki gen

anpil lanmou, ki toujou rete fidèl. Se li menm ki pwoteje yo epi ki soutni yo. Yo wè ke : genyen yon relasyon ak Bondye sa vle di tout bagay. Se yon fòs, se yon sous kè kontan ak kè poze. Se lè eprèv yo vini yo wè enpotans relasyon yo ak Bondye. Paske Ayisyen yo, menm nan eprèv yo konnen yo an sekirite nan men Bondye. Yo konprann ke sekirite a se Bondye ki bay li.

◆ *Thamarah Mathurin*

Èske nou te konn sa ?

Jean Baptiste Point de Sable te fèt Senmak lè Ayiti te rele Sendomeng. Li se youn nan fondatè vil Chikago.

Simon Bolivar te ale ann Ayiti an 1815 pou li te mande Ayiti èd. Yo te ba li zam ak sòlda. Se sa ki te ede li libere Venezyela ak lòt peyi Amerik latin.

Etazini te okipe Ayiti an 1915 epi yo te kite peyi a an 1934. Se pandan lokipasyon lang franse vini lang ofisyèl peyi d Ayiti.

Anvan Kristòf Kolon te dekouvrí Ayiti, endyen yo te rele lil la *Kiskeya, Ayiti oubyen Boyo*.

Apre gouvènman Divalye a te egzile Georges Anglade, li te ale an Frans kote li te fè yon doktora nan jewografi. An 1969 li al viv Kebèk. Li se youn nan fondatè UQÀM. Li mouri nan tranblemann tè 12 janvye 2010 la.

Edwidge Danticat te ekri yon liv ki rele *Eyes, Breath and Memory* an 1996. Liv sa a te resevwa pri jèn otè Ozetazini. Met sou sa, Oprah te chwazi liv sa a pou *Oprah's book club*, yon klèb lekti kote Oprah ankouraje lektè yo li yon liv li chwazi.

Relasyon

Lè mwen te pi jèn mwen te kwè yon fanm te dwe marye anvan ventan epi li te dwe fè anpil timoun.

Kounye a mwen pa panse menm jan. Fanm ayisyen k ap viv Kebèk pa menm jan ak fanm ayisyen ki ann Ayiti.

Fanm nan Kebèk vle gen yon bon travay, yo vle amize yo, yo vle voyaje anvan yo marye. Anpil fanm pa kwè nan maryaj. Mwen gen anpil zanmi laj mwen ki pa marye epi ki gen pitit.

Jodi a jèn yo pa rete nan yon relasyon lontan. Fanm yo pi endependan. Gason yo vle fanm ki pi tradisyonèl.

◆ *Nirvah Mathurin*

Yon bèl eksperyans

M konnen yon fi ki te fè anpil travay imanitè ann Ayiti. Nan ti tèks sa a, m ta renmen esprime sa li te fè pandan li te ann Ayiti.

Se papa li ki gen yon òganis imanitè a. Se yon òganis ki fè pwomosyon teyat nan ti vil ki pi defavorize pase tout vil moun gade kòm gwo vil tankou Pòtoprens, Jakmèl, eksetera. Moun yo k ap travay pou òganis sa a yo fè sa gratis nèt. Pi souvan, se etidyan nan disiplin atistik ki ale laba a

pandan vakans lèkol yo. Yo te prepare plizyè kou pou montre timoun yo fason pou yo ka eksprime yo. Se enpòtan pou moun yo ki renmen fè travay imanitè gen lespri ouvè pou yo ka aprann kilti moun kote yo prale a epi pou travay benevòl la ka montre moun pwòp kilti pa yo. Pandan plizyè semèn, timoun yo aprann divès fason pou yo fè yon espektak konplè. Yo renmen mete dans, teyat, chan epi lejann popilè nan espektak sa yo. Pandan

tan yo pase ann Ayiti a, benevòl yo ede anpil abitan. Yo fè kanalizasyon pou pèp la kapab gen dlo potab, yo ede nan semans, yo fè kou alfabetizasyon an fransè avèk timoun, yo fè reparasyon nan kay moun ki bezwen, eksetera. Se pou ede yo, moun bò isit ale laba a... Epi yo pwofite okazyon an pou fè travay kiltirèl avèk timoun yo. Òganis sa a ki ale laba a se yon gwo òganis paske li gen pwofesyonèl nan travay imanitè ki kapab

montre kouman ou sipoze fè kanalizasyon pou moun pa fè bagay yo vin pi mal ankò ! Pandan moun kapab fè gwo bagay fizik, gen lòt moun ki fè travay ki pi imanitè, ki pi trankil avèk abitan yo epi ak timoun.

M ta sipoze ale ann Ayiti anvan lontan pou fè travay sa a tou. M byen anvi fè sa pou m ede moun yo epi pou m gen yon bèl èkspèryans nan tèt mwen ! M vle di yon bon souvni ...

◆ *Christine Morency*

Pou ki sa poul la travèse lari a ?

Anpil nan nou konn tande istwa poul k ap travèse lari a, pa vre ? Men sa kèk gwo zotobre te reponn lè yo te mande yo pou ki sa pou la ap travèse lari a :

Bill Clinton : M pa konnen pou ki sa poul la ap travèse lari a men mwen pa te nan okenn relasyon seksyèl ak poul la.
Sigmund Freud : Si w bezwen konnen pou ki sa poul la ap travèse lari a se paske ou gen yon pwoblèm seksyèl k ap boulvèse lespri w.

Neil Armstrong : Lè poul la poze pye li nan lari a, li fè yon ti pa men se yon gwo pa pou tout poul sou latè.

Martin Luther King : M reve gen yon jou kote tout poul va lib pou yo travèse lari jan yo vle, san yo pa bezwen ap eslike pou ki sa. Ptit poul blan ak ptit poul nwa va travèse lari men nan men e sa va parèt natirèl.

Bill Gates : Nou fèk mete yon nouvo lojisyèl deyò ki rele Poul Office 2010. Poul Office 2010 ap ka fè plis bagay toujou: I ap travèse lari, I ap ponn ze, I ap klase dosye w epi I ap kominiye byen ak Windows.

George Bush : poul la travèse lari a kè pòpòz malgre rezolisyon Nasyonzini yo. Li lè li tan pou nou bonbade wout kote poul la pase a.

Aristide : Yon sèl poul fèb, ansanm poul fò, ansanm ansanm poul se lavalas.

Jean Marie Le Pen : Poul yo dwe travèse lari a pou yo retounen lakay yo. Lafrans se peyi blan franse li ye.

William Shakespeare : travèse lari a oubyen pa travèse se ka ki kesyon an.

Einstein : Sa depan kote pwen referans ou ye. Paske ou ka wè se poul la k ap travèse lari a. Men gen dwa tou se lari a k ap mache al jwenn poul la.

René Préval : Poul la ap chèche naje pou l soti.

KEPKAA

2000 boul. Saint Joseph E
Montréal, QC H2H 1E4

Tel : 514 750 8800
kouryèl:
kepcaa@ videotron.ca



www.kepcaa.com

Ofisyè polis kanadyen ann Ayiti

Gen anpil peyi nan lemonn ki resevwa èd imanitè nan men Nasyonzini. Nasyonzini voye moun ak divès kalite konesans pou ede nan yon kominate. Yon egzanp kon sa se èd lapolis. Depi 1993, Kanada voye polisye kanadyen ann Ayiti. An 2010, Kanada ap voye 250 ofisyè polis ann Ayiti.

Ofisyè yo voye yo, yo te chwazi yo selon kèk kondisyon klè: Yo dwe gen yon kondisyon fizik ak yon kondisyon medikal ki depase mwayèn, yo dwe demontre yo ka debouye yo nan sitiyasyon difisil epi yo dwe gen bon tolerans pou gwo

evènman ki ka twomatize yo.

Ofisyè polis sa yo te resevwa fòmasyon pou de semenn avan yo ale ann Ayiti. Gen plizyè travay pou yo fè ann Ayiti. Lapolis kanadyen patisipe nan fòmasyon ak sipèvizon polis Ayisen an ak Minustah. Yo fè patwouy nan lari yo apye oubyen nan machin. Yo okipe koze sikirite nan evènman politik tankou eleksyon yo. Yo pataje konesans espesyalize yo genyen tankou nan envestigasyon, idantifikasyon jidisyè, kidnaping ak krim seksyèl yo. An plis de sa, yo patisipe nan entèvansyon

imanitè sou dwa moun.

Eksperyans ale nan yon misyon imanitè ann Ayiti se esperyans ki ede moun aprann anpil bagay. Tout ofisyè polis ta dwe ale omwen yon fwa. Lè yo retounen, yo gen plis kapasite pou yo fè travay nan kondisyon difisil, yo vin gen plis limyè sou diferans kiltirèl ak Ayisen yo epi yo vin plis louvri sou lòt moun. Epitou, yo tounen ak yon bon konesans lang kreyòl la. Sa ede yo vin pi pre Ayisen ki abite Kanada.

◆ Nathalie Simoneau

Kouman mwen dekouvi Kepcaa (suit)

Mwen rele KEPKAA pou sa epi anvan lontan mwen kòmanse suiv kou kreyòl la. Kou a enteresan anpil. Mwen jwenn anpil enfòmasyon, anpil vokabilè. Anbyans kou a se yon anbyans rilaks kote tout moun santi yo alèz. Gras a pwofesè a. Kounye a m kòmanse pale ak madan Clément an kreyòl. M vle kontinye.

◆ Susie Gruber

Anplis òganizasyon **Mwa kreyòl la nan Monreyal**, KEPKAA ofri kou lang kreyòl pou Kebekwaz/Kebekwa ak pou lòt moun ki vle aprann kreyòl. **KEPKAA** gen yon **sèvis tradiksyon** ki djanm tou. Epitou depi kèk jou **Libreri KEPKAA** sou Entènèt. Sa vle di, nou ka achete liv nou an liy san pwoblèm. KEPKAA vle fè pwogrè. Ann mache avèk li!